

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Pangwangunan nasional di widang pertanian lain waé miboga tujuan pikeun ningkatkeun produksi pangan (paré jeung palawija), hortikultura (buah jeung sayur) tapi ogé miboga tujuan ningkatkeun produksi lauk, boh lauk laut boh lauk darat. Sumber daya ternak lauk darat di Indonesia ngawengku walungan, situ, leuwi, sawah jeung émpang kalayan total lahan 605.990 hektar. Éta poténsi téh teu bisa kabéh kacumponan dibandingkeun jeung daya produksi lauk dunia nu ngahontal 100 juta ton per taun.

Jawa Barat anu sacara kultur sok disebut Pasundan atawa tatar Sunda bagian lemah cai Indonesia nu nyangking kabeungharan sumber daya lauk darat nu kacida gedéna. Alam pagunungan nu ngocorkeun cai mangrupa hiji poténsi mekarna ternak lauk darat. Malah di sabagian daérah ternak lauk geus jadi pacabakan utama masarakatna, dina prakna aya nu maké jaring apung (di leuwi, di situ jeung di walungan) aya ogé nu sok ngahaja ngali atawa ngarobah sawah jadi émpang.

Ngémpang mangrupa salah sahiji pacabakan utama nu anyar pikeun urang Sunda mah. Contona waé di Dusun Handiwung, Désa Gembor, Kacamatan Pagadén-Subang, balukar teu ajegna ékonomi nagara ngakibatkeun loba pasawahan rarobah pungsi jadi émpang (balong). Alesanna parindah pacabakan ti nyawah ka ngémpang bisa ditarima ku akal, ngémpang leuwih gancang kaala hasilna batan

nyawah nu merlukeun genep bulan pikeun ngala hasilna bari can puguh untung henteuna. Lauk nu dipelak/diternak diempangna téh lauk emas, tur ngémpangna lain lauk gedé tapi lauk leutik ti mimiti meuli (kebul, burayak, eusi 2000, eusi 1000, eusi 500) nepi ka lauk kaala (eusi 100 atawa dua ramo).

Tapi teu sakabéh sawah dijaradikeun émpang, kudu ninggal heula cocok atawa henteuna éta sawah dijieun émpang. Sawah anu dijadikeun émpang kudu sawah anu tara kakurangan cai, tempatna lain di tempat hara-haraeun banjir, tur tékstur taneuhna cocok.

Ari mimiti ngarémpangna mah kabibita ku urang Purwakarta (Cirata jeung Jatiluhur) nu ngahaja ngalunta ka ieu lembur. Tapi sok sanajan kitu dina prakna ngarémpang béda pisan jeung di Cirata atawa di Jatiluhur. Ari di Cirata jeung Jatiluhur mah apan ngémpangna gé maké jaring apung, anu di Handiwung mah ilaharna disebut émpang. Jeung deui ieu pakasaban anyar téh ti barang mimiti aya lain mangrupa pakasaban utama, tapi pakasaban tambahan. Béh dieunakeun saeunggeus ningal prospékna anu kawilang alus antukna mah jadi pakasaban utama.

Tangtu waé ayana pakasaban anyar warga Handiwung téh dibarengan ku tumuwuhna folklor-folklor nu renung di sagala aspékna, boh folklor lisan (ngeunaan istilah-istilahna), boh folklor sabagian lisan (ngeunaan kapercayaan). Sabagian folklor meunang ngaadopsi di Cirata jeung di Jatiluhur, tapi teu saeutik oge folklor anu tumuwuhna di urang Handiwung sorangan.

James Danandjaja (2002: 21), nétélakeun tujuh unsur kabudayaan universal nu ngawengku: (1) sistem pakasaban, (2) sistem pakakas hirup, (3) sistem

kamasarakatan (sosial), (4) basa, (5) kasenian, (6) sistem élmu pangaweruh, (7) sistem réligi. Lamun dipatalikeun, unsur-unsur budaya éta téh loba anu nyampak dina pakasaban ngémpang urang Handiwung, utamana anu patali jeung basa, sistem pakakas, sistem pakasaban, jeung sistem réligi, malah aya ogé anu patali jeung sistem sosial jeung sistem élmu pangaweruh.

Komo deui anyeuna mah pakasaban ngémpang urang Handiwung téh geus sumebar ka masarakat-masarakat kampung jeung desa anu aya disabudeureunna. Hampir sabeulah kacamatan sigana pakasaban ngémpang téh sumebarna. Malah, salian di Kacamatan Pagaden ieu pakasaban téh ngarambah ogé ka ka kacamatan lian, hususna Kacamatan Cipunagara jeung Kacamatan Subang. Tangtu waé nu sumebar téh lain mawa pakasaban ngémpangna wungkul tapi dibarengan ku istilah-istilahna. Saha nu nyaho isuk jaganing géto ieu istilah-istilah téh bakal bener-bener ngajanggélék jadi basa wewengkon, luyu jeung mekarna pakasaban ngémpang di kahirupan patani lauk émas di Kabupatén Subang.

Istilah-istilah anyar ngeunaan ngémpang tumuwuh di tengah-tengah kahirupan masarakat Handiwung. Istilah-istilah anyar nu mémang pikeun jalma awam (nu teu apal kana budaya ngémpang urang Handiwung) bakal karasa ahéng, malah teu nutup kamungkinan mun aya panyangka kana istilah-istilah ieu téh salaku basa wewengkon.

Nilik kana hal-hal anu dipedar di luhur, beuki écés waé yén pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung geus nuwuhkeun folklor-folklor anyar nu merlukeun panalungtikan. Éta pisan nu ngahudang panulis pikeun ngalakukeun hiji

panalungtikan ngeunaan : *Istilah Pakasaban Ngémpang di Kampung Handiwung Désa Gembor Kacamatan Pagadén-Subang.*

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Maluruh ngeunaan seluk-beluk ngémpang tinangtu bakal lega ambahanana, sarta maluruhna moal cukup ku waktu nu sakeudeung. Nya ku alatan éta, ieu panalungtikan diwatesanan ngeunaan:

1. Istilah-istilah anu aya dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung.
2. Papasingan istilah dumasar basa anu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap.
3. Prosés/prak-prakan ngémpang, ti mimiti nyieunna émpang nepi ka dibedahkeun.
4. Unsur budaya nu nyampak dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ku kituna baris dirumuskeun masalah dina wangun patalékan di handap ieu:

1. Istilah-istilah naon waé anu aya dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung?
2. Kumaha papasingan istilah dumasar basa anu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap?

3. Kumaha prosés/prak-prakan ngémpang, ti mimiti nyieunna émpang nepi ka dibedahkeun?
4. Unsur budaya naon waé nu nyampak dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung?

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

1. Istilah-istilah anu aya dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung.
2. Papasingan istilah dumasar basa anu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap.
3. Prosés/prak-prakan ngémpang, ti mimiti nyieunna émpang nepi ka dibedahkeun.
4. Unsur budaya nu nyampak dina pakasaban ngémpang di Kampung Handiwung.

#### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat ieu panalungtikan di antarana nya éta:

1. Ngeuyeuban kabeungharan kandaga basa Sunda, utamana pikeun yarungsum kajembaran kamus basa Sunda, tur pikeun kapentingan widang atikan.
2. Ngamumulé tradisi jeung budaya Sunda, sarta ngaronjatkeun ajén dina widang usaha ngémpang.
3. Ngeuyeuban pangaweruh anu patali jeung pakasaban ngémpang.

#### 1.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyaruakeun persépsi, utamana ngeunaan judul panalungtikan, panyusun baris ngébréhkeun wangenan istilah saperti ieu di handap;

- 1) **istilah**, kecap-kecap husus anu ngan aya/kapaluruh dina pakasaban ngémpang, jeung kecap umum anu bisa jeung biasa digunakeun dina pakasaban ngémpang.
- 2) **pakasaban**, pagawéan, pangupa jiwa, usaha nyiar kipayah pikeun nyumponan pangabutuh hirup. Dina lebah dieu, nya éta usaha/pakasaban ngémpang.
- 3) **ngémpang**, *émpang*, tempat miara lauk mangrupa cai ngemplang dina taneuh meunang ngali anu legana méh sarua jeung kotakan sawah. **ngémpang** hartina kagiatan miara lauk ngagunakeun émpang salaku tempat miarana. Sarta istilah ngémpang téh baris lumaku lain ngan wungkul dina prosés ngémpangna baé, tapi ngawengku sajumlahing kagiatan tatahar ngémpang nepi ka ngabedahkeun/ngabodolkeun.
- 4) **Kampung Handiwung**, hiji kampung bagian ti Désa Gembor, Kacamatan Pagadén, Kabupatén Subang. Sacara géografi, beulah kalér diwatesanan ku Désa Gembor; beulah wétan diwatesanan ku Désa Manyingsal (Kacamatan Cipunagara); beulah kidul diwatesanan ku Désa Asari (Kacamatan Subang); sarta beulah kulon diwatesanan ku Désa Gunung Sembung.

#### 1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa bebeneran, téori atawa pamadegan, nu dijadikeun dasar pamiangan hiji panalungtikan, sarta éta téh mangrupa cecekelan

anu teu kudu dipasualkeun deui bener atawa salahna, tapi prinsipna kudu bisa ditarima ku saha baé tanpa kalawan diuji heula.

Nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Istilah-istilah dina pakasaban ngémpang bisa dianalisis dumasar kana basa anu digunakeun, widang istilah, jeung wangun kecap.
2. Dina kagiatan ngémpang, ngandung unsur-unsur budaya.
3. Pakasaban ngémpang mibanda istilah-istilah husus boh anu patali jeung pakakas, cara migawé, kagiatan kasab boh jeung istilah ngémpangna sorangan.

